

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Panalungtikan ngeunaan ajén falsafah dina Upacara Sérén Taun di Kelurahan Cigugur, Kecamatan Cigugur, Kabupatén Kuningan ngahasilkeun sababaraha kacindekan, nya éta:

- 1) Upacara Sérén Taun mangrupa ébréhan rasa sukur masarakat agraris Sunda hususna masarakat daérah Cigugur ka Gusti Nu Maha Suci tina berekah panén nu mucekil. Sérén hartina nyérénkeun tina taun nu kabagi kana dua belas bulan. Sacara definitif bisa dihartikeun salaku upacara nyérénkeun hasil panén nu anyar kénéh dilaksanakeun sarta ménta barokah jeung kasalametan Pangéran keur taun nu bakal kasorang. Upacara Sérén Taun nu dilaksanakeun ku masarakat Cigugur dilaksanakeun unggal tanggal 22 bulan Rayagung. Ieu hal dipimaksud sabab bulan Rayagung téh mangrupa bulan pamungkas tina runtuyan 12 bulan, nya éta (1) Muharam/Sura; (2) Sapar; (3) Mulud; (4) Silih Mulud; (5) Jumadil Awal; (6) Jumadil Ahir; (7) Rajab; (8) Ruwah; (9) Puasa; (10) Syawal; (11) Hapit; jeung (12) Rayagung. Sacara simbolis Rayagung hartina ngarayakeun kaagungan Pangeran Nu Maha Kawasa. Tempat nu digunakeun pikeun lumangsungna Upacara Sérén Taun nya éta di Cagar Budaya Nasional Gedung Paséban Tri Panca Tunggal pernahna di Kelurahan Cigugur, Kecamatan Cigugur, Kabupatén

Kuningan, Jawa Barat. Pikeun Upacara Sérén Taun diperlukeun ayana bahan, saperti: paré

bungbuahan, beubeutian, jeung sato nu mangrupa bahan penting pangrojong kagiatan. Dina upacara Sérén Taun di Cigugur aya sababaraha tahapan. Dina prak-prakanana kabagi kana sababaraha bagian, nya éta: 1) pra upacara, di jerona aya prosési Ngajayak Paré, Damar Séwu, Pésta Dadung, Ibing Pwah Aci, jeung Ngarérémokeun; 2) lumangsungna upacara, dimimitian ku pembagian opat madhab nu mawa paré ti unggal opat juru mata angin, dituluykeun ku Ibing Buyung, Angklung Buncis, sarta Nutu; jeung 3) pasca upacara, mangrupa acara dahar babarengan, peutingna di pungkas ku acara pagelaran wayang golék.

- 2) Aya sababaraha ajén falsafah nu nyampak dina runtuyan kagiatan jeung panglengkep kagiatan. Dina runtuyan kagiatan, kapanggih sababaraha ajén falsafah ti mimiti pra upacara nepi ka pasca upacara. Sedengkeun ajén falsafah nu nyampak dina panglengkep upacara diantarana waé aya paré, bungbuahan, beubeutian, sasatoan, jeung réa-réa deui.
- 3) Ajén falsafah nu nyampak dina Upacara Sérén Taun di Kelurahan Cigugur, Kecamatan Cigugur, Kabupatén Kuningan bisa dijadikeun salah sahiji alternatif bahan pangajaran basa Sunda, hususna matéri ngeunaan budaya, nya éta “Maca Artikel Kabudayaan”. Ieu matéri saluyu pikeun pangajaran siswa SMA kelas XII.

## 5.2 Saran

Sanggeus réngsé nalungtik upacara Sérén Taun di Kelurahan Cigugur, Kecamatan Cigugur, Kabupatén Kuningan, karasa réa pisan mangpaatna pikeun panalungtik.

Panalungtik perlu nepikeun saran pikeun kahadéan balaréa, di antarana waé nya éta:

- 1) Pikeun pihak masarakat

Upacara Sérén Taun salian ti mangrupa warisan tradisi karuhun, tapi bisa ogé dijadikeun objék wisata nu gedé mangpaatna hususna dina widang ékonomi;

- 2) Pikeun pihak penyelenggara

Pikeun pihak penyelenggara, ieu upacara téh hadé pisan pikeun dijaga tur dilaksanakeun unggal taunna, sabab Upacara Sérén Taun miboga sababaraha hal nu positip. Saperti ayana gawé bareng antara masarakat béda agama (Bhinéka Tunggal Ika), ayana ajén kasenian Sunda nu moal tumpur upama diwanohkeun ka balaréa ngaliwatan ieu kagiatan; jeung

- 3) Pikeun pamaréntah satempat

Upacara Sérén Taun bisa dijadikeun hiji cara pikeun ngaraketkeun masarakat tur bisa dijadikeun modal panghasilan pamaréntah Kuningan

ngaliwatan wisatawan domestik/mancanagara nu datang dina lumangsungna upacara.

